

Demonstrasyon sou lajan suiv moun lan

Fich enfòmasyon pou pwofesyonèl



Pou kiyès enfòmasyon sa a ye?

Fich enfòmasyon sa a gen enfòmasyon pou pèsonèl nan etablisman swen enfimye(è), moun ki planifye egzeyat, anplwaye sèvis sosyal, òganism ki baze nan kominote a, e lòt ki ede moun retounen nan kominote a lè yo soti nan yon etablisman ki founi swen enfimye(è), lopital pou maladi kwonik e reyedikasyon, etablisman ki founi swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektiyèl, e nan lopital sikyatri.

Kisa demonstrasyon sou lajan suiv moun lan ye?

Demonstrasyon sou lajan suiv moun lan (Money Follows the Person Demonstration, MFP Demo) se yon sibvansyon gouvènman federal la ki kouvri sèvis ki ede moun ki gen andikap e moun aje soti nan etablisman swen enfimye(è) kalifye e nan lopital ki founi swen alontèm pou yo ale nan rezidans kalifye nan kominote a.

Kisa yon rezidans kalifye vle di?

Tout nan etablisman ki suiv yo ap kalifye an vèti MFP Demo a:

- Yon kay moun lan oubyen yon fanmi posede oswa lwe
- Yon apatman ki gen yon afèmaj endividyèl
- Yon kay swen adoptif pou granmoun oubyen kay moun ki founi swen bay plizyè moun
- Yon milye rezidansyèl nan kominote a ki pa gen plis pase kat moun ki pa fanmi youn ak lòt k ap viv la, oubyen
- Yon rezidans ki founi asistans pou viv e ki satisfè egzijans sa yo:
 - Yon apatman ki gen salon, chanm, saldeben, e kizin ki apa
 - Yon inite ki ka klete pou antre e sòti
 - Ki pa sou yon kanpis ki gen yon kabinè medikal
 - Pa ka egzije pou sèvis yo founi kòm yon kondisyon pou lojman
 - Pa dwe egzije resevwa avètisman sou absans nan rezidans lan
 - Afèmaj yo pa gen dwa asiyen oubyen chanje apatman.

Ki sèvis e ki soutyen ki disponib?

MFP Demo founi plizyè kalite sèvis pou ede gen yon tranzisyon ak siksè pou ale nan kominote a. Yon responsab ka deziye e li travay tèt kole avèk patisipan an pou ede e kowòdone sèvis ki nesesè yo pou gen yon lavi otònòm nan kominote a.

Soutyen gendwa gen ladan yo:

- Jwenn lojman ki aksesib e abòdab.
- Peye pou frè demenajman.
- Peye pou depo garanti, depo pou sèvis piblik, e premye mwa lokasyon.
- Achte mèb pou kay la.
- Amelyore aksesibilite grasa modifikasyon nan kay la.
- Founi soutyen omològ.
- Achte aparèy teknoloji dasistans.
- Angaje e eksplòre zòn e sèvis ki lokal anvan pou enstale nan yon kominote.

Yon fwa yon patisipan vin rete nan kominote a, responsab ka a ap travay ak li pou asire sèvis e soutyen kontini disponib pou li kote l rete e travay.

Pou kalifye pou sèvis MFP Demo, se pou moun lan

- Yon manm MassHealth oubyen kapab satisfè règ finansye pou kalifye
- Viv nan yon etablisman ki founi swen enfimye(è) oubyen nan lopital ki founi swen pou maladi kwonik oubyen lopital reyedikasyon pandan omwen 60 jou konsekitif - sa gen ladan reyedikasyon Medicare tou Sa gendwa gen ladan tou yon lopital leta, etablisman ki founi swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl; oubyen yon lopital sikyatri ki kalifye
- 18 an oubyen pi gran epi gen yon andikap OUBYEN gen 65 an oubyen plis
- Vle patisipe lè w siyen yon konsantman eklere, e
- Dakò pou ale abite nan yon rezidans ki kalifye pou MFP Demo nan kominote a. Sa gendwa gen ladan retounen lakay

Kisa yon plan sekou 24 è vle di?

Tout patisipan nan MFP Demo ap gen yon plan sekou 24 sou 24 ki tabli depi anvan li al viv nan kominote a. Egzijans sa a gen ladan plan pou jere ensidans enprevi, tankou lè

- Sèvis kritik yo pa disponib
- Transpò sekou nesesè
- Reparasyon dijans nesesè pou ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), e
- Gen yon defayans lòt soutyen e sèvis ki esansyèl patisipan an bezwen pou l viv an sekirite nan kominote a.

Pandan konbyen tan yon patisipan ka enskri?

Patisipan enskri nan MFP Demo a pou yon total 365 jou apre egzeyat pou retounen nan kominote a. Patisipan ki bezwen swen siplemantè nan yon etablisman oubyen nan yon lopital apre y al viv nan kominote a ap gen 365 jou MFP yo sispann jouk tan yo tounen nan kominote a.

Kisa k ap rive apre MFP fini?

Nan fen 365 jou MFP yo, manm yo gendwa kontinye resevwa sèvis MassHealth si yo kontinye satisfè kondisyon pou admisibilite yo. Gendwa gen nan sèvis MassHealth yo enskripsyon kontini oubyen nouvo enskripsyon nan youn nan MassHealth egzansyon nan sèvis lakay e nan kominote a (MassHealth Home and Community-Based Services, HCBS) oubyen sèvis MassHealth State Plan, oubyen li posib pou yo gen toude.

Kòman yon moun ka fè aplikasyon pou MFP Demo a?

Moun ki nan kalite etablisman ki annapre la a e ki ta renmen fè tranzisyon pou ale nan kominote a oubyen ki ta renmen konn plis sou sèvis kominotè ka nenpòt lè fè yon aplikasyon:

- Etablisman swen enfimye(è)
- Lopital pou maladi kwonik oubyen reyedikasyon, sa gen ladan lopital leta
- Etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl, oubyen
- Lopital sikyatri

Si yon moun ap travay alèkile avèk yon responsab ka, se pou l kontakte responsab ka sa a pou kòmanse pwosesis la. Si l pa gen yon responsab ka, li ka nenpòt ki lè soumèt yon referans.

Pou soumèt yon referans bay pwogram MFP Demo, rale PDF ou ka ranpli a nan www.mass.gov/MFPDemo, ranpli l, anrejistre l, e imèl li bay MFP Project Office nan MFP@mass.gov. Se pou make nan liy sijè a: MFP Demo Referral.

Konnen tanpri: Si w se yon òganism oubyen ajans leta k ap voye onon aplikan an, asire imèl la voye an sekirite e konfòm ak tout lwa sou konfidansyalite ki aplikab.

Yon fwa n resevwa referans lan, gen yon moun ki pral kontakte w pou l di w kisa k ap rive apre.

Pou plis enfòmasyon

Pou gen plis enfòmasyon sou Demo MFP, ou ka:

- Kontakte Money Follows the Person Project Office nan MFP@mass.gov.
- [Telefonnen \(617\) 573-1647](tel:6175731647)

oubyen

- [Monte nan www.mass.gov/MFPDemo](http://www.mass.gov/MFPDemo)

Dokiman sa ekri nan kad sivansyon CFDA 93.791 Ministè sante e sèvis sosyal Etazini Damerik, Sant pou sèvis Medicare & Medicaid. Sa ki make a pa nesesèman reprezante politik Ministè sante e sèvis sosyal Etazini Damerik la, e ou pa dwe sipoze gouvènman federal la aksepte sa.